



R E S E D H / R N D D H

Réseau Sud-Est de Défense des Droits Humains du Réseau National de Défense des Droits Humains

Kominike pou Laprès

Nan okazyon 29 lane Konvansyon entènasyonal Dwa Timoun yo

Kontakte

Jetho Pierre-Paul

Tel: (509) 36 00 57 66

Mail: ppjresedh@yahoo.fr

Jounen 20 novanm 2018 la, fè 29 lane depi konvansyon Dwa Timoun nan te pran nesans, epi ane 2018 la fè 24 lane depi Leta Ayisyen te ratifye dokiman sila. Jodi madi 20 novanm sa a, olye pou se refleksyon k ap fèt sou avanse ak feblès nan kad respè Dwa Timoun an Ayiti, se pito lapèrèz ak enkyetid ki tabli prèske tout kote akòz sitiyasyon kriz peyi a ap travèse. Sa gen gwo repèkasyon sou tout moun, espesyalman Timoun yo.

Alòske Leta pran angajman garanti Dwa tout Timoun alawonnbadè genyen; tankou ba yo sekirite, pou yo viv an sante, pou yo tout al lekòl elatriye... Men nou konstate gen Timoun nan zòn cho yo, depi kèk jou se bri zam ki ranplase vwa pwofesè lekòl yo ; moun ap mouri devan je yo, e yo temwen jan kadav ap trennen sou pil fatra... Mete sou sa, anpil nan yo viktim, pran gaz.

Sitiyasyon kriz la pi grav toujou, lè pòt prèske tout lekòl nan Jakmèl ak anpil kote nan peyi a fèmen. Nan moman n ap pale la gen Timoun ki nan prizon menm kote ak granmoun, e ki poko ka jije paske enstitisyon lajistis yo gen anpil feblès nan jan y ap fonksyone. San konte ogmantasyon kantite Timoun k ap viv nan lari ; ki pa jwenn manje e ki soufri malnitrisyon

Konsa nou ka di li tris anpil pou wè jan dwa Timoun yo bafwe nan peyi Dayiti espesyalman nan depatman Sidès. Si 20 novanm chak ane , se moman pou Leta Ayisyen, Sosyete sivil la panse ak Timoun yo, kontèks 20 novanm 2018 la pa reponn ak nivo refleksyon sou dwa tout Timoun. Gen moun ki menm bliye si jodi a se jounen entènasyonal Dwa Timoun. Alòs, li enpòtan pou nou tout, Leta ak tout sektè fòs viv Nasyon an chache jwenn yon solisyon ak kriz sila nan enterè siperyè chak grenn timoun.

Pa bliye « timoun Jodi, sitwaye responsab demen »

Fèt nan Jakmèl jou madi 20 Novanm 2018